

**PENGEMBANGAN MEDHIA *MONOPOLI* JAWA KANGGO NGUNDHAKAKE
KAWASISAN NULIS AKSARA JAWA NGANGGO AKSARA MURDA SISWA KELAS VIII
SMPN 1 DLANGGU MOJOKERTO TAUN AJARAN 2018/2019**

SKRIPSI



**Dening :
Dwi Cahyo Mauludin
NIM 15020114022**

**UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
JURUSAN BAHASA DAN SASTRA DAERAH**

2019



**UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
JURUSAN BAHASA DAN SASTRA DAERAH**

Alamat : Kampus Unesa Lidah Wetan, Surabaya. Tlp. (031) 7522876

SURAT PERNYATAAN KEORISINILAN

Yang bertanda tangan di bawah ini:

nama : Dwi Cahyo Mauludin
tempat, tanggal lahir : Mojokerto, 30 Januari 1996
nim : 15020114022
prodi/angkatan : S-1 Pendidikan Bahasa dan Sastra Jawa/2015
alamat : RT 10, RW 04, Dsn. Kutorejo, Ds. Kutorejo, Kec. Kutorejo, Kab. Mojokerto

menyatakan dengan sesungguhnya bahwa:

- (1) e-journal ini benar-benar hasil kerja saya sendiri (bukan hasil plagiasi/jiplakan atau autoplasi baik sebagian maupun seluruhnya)
- (2) apabila pada kemudian hari terbukti bahwa e-journal ini hasil jiplakan, saya akan menanggung resiko diperkarakan oleh jurusan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Unesa.

Demikian surat pernyataan yang saya buat dengan sebenar-benarnya.

Dosen Pembimbing

Dra. Hj. Sri Wahyu Widayati, M.Si.
NIP 195610101982112001

Surabaya, 1 Oktober 2019



Dwi Cahyo Mauludin
NIM 15020114022

Mengetahui,
Ketua Jurusan

Dr. Surana, S.S., M.Hum.
NIP. 196810051994031001

PENGEMBANGAN MEDHIA MONOPOLI JAWA KANGGO NGUNDHAKAKE KAWASISAN NULIS AKSARA JAWA NGANGGO AKSARA MURDA SISWA KELAS VIII SMPN 1 DLANGGU MOJOKERTO TAUN AJARAN 2018/2019

Dwi Cahyo Mauludin

Pembimbing: Dra. Hj. Sri Wahyu Widayati, M.Si

S-1 Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Surabaya

dwimauludin@mhs.unesa.ac.id

ABSTRAK

Sajrone piwulangan basa ana patang katrampilan kang kudu dikuwasani dening siswa yaiku nyemak, wicara, maca, lan nulis. Nulis minangka salah sawijine katrampilan basa kang ora gampang disinaoni tanpa anane gladhen kang ajeg, tuladhane nulis aksara Jawa mligine aksara Murda. Adhedhasar wawancara kaliyan guru basa Jawa, siswa isih kurang mangerteni pasinaon basa Jawa mligine aksara Murda amarga kurang narik kawigatene siswa. Mula saka iku mbutuhake anane medhia pasinaon. Medhia kang dipilih kanggo ngundhakake kawasisan nulis aksara Jawa nganggo aksara murda siswa kelas VIII SMP 1 Dlanggu, yaiku medhia monopoli Jawa.

Underan panliten iki yaiku (1) kepriye proses pengembangan medhia monopoli Jawa, (2) kepriye efektivitas medhia monopoli Jawa, lan (3) kepriye tanggapan siswa marang medhia monopoli Jawa. Ancase panliten iki yaiku (1) ngandharake proses pengembangan medhia monopoli Jawa, (2) ngandharake efektivitas medhia monopoli Jawa, lan (3) ngandharake tanggapan siswa marang medhia monopoli Jawa.

Panliten iki kalebu panliten pengembangan adhedhasar modhel *R&D* lan dhesain panliten quasi eksperimen. Populasi panliten kelas VIII SMPN 1 Dlanggu lan kanthi teknik purposif ditemtokake kelas VIII-F minangka kelas eksperimen lan kelas VIII-J minangka kelas kontrol.

Asil panliten nuduhake, yen validhasi materi layak kanthi persentase 92,5% lan validhasi medhia layak kanthi persentase 97,5%. Saka itungan reliabilitas instrumen tes kanggo panliten 1 lan 2 dinyatakake reliabel saengga layak digunakake kanggo ngukur efektivitas medhia monopoli Jawa. Efektivitas medhia monopoli Jawa diweruhi kanthi mbandhingake asil pasinaon siswa ing kelas eksperimen lan kelas kontrol. Panliten 1 ngasilake t_{hitung} (kelas eksperimen) = 7,653 $\geq t_{tabel}$ (0,05 db= 31) = 2,05 $\leq t_{hitung}$ (kelas kontrol) = 2,269 $\geq t_{tabel}$ (0,05 db= 31) = 2,05. Pambandhingan asil kelas eksperimen lan kontrol ngasilake t_{hitung} = 7,32 $\geq t_{tabel}$ (0,05 db = 62) = 2,05. Panliten 1 iki nuduhake H_0 “ditolak” lan H_a “ditampa” kang tegese ana pambeda kang signifikan. Panliten 2 ngasilake t_{hitung} (kelas eksperimen) = 3,298 $\geq t_{tabel}$ (0,05 db= 31) = 2,05 $\leq t_{hitung}$ (kelas kontrol) = 7,536 $\geq t_{tabel}$ (0,05 db= 31) = 2,05. Pambandhingan asil kelas eksperimen lan kontrol ngasilake t_{hitung} = 2,78 $\geq t_{tabel}$ (0,05 db = 62) = 2,05. Asil iki nuduhake yen panliten 2 uga nuduhake H_0 “ditolak” lan H_a “ditampa” kang tegese ana pambeda kang signifikan. Panliten I kelas eksperimen nduweni biji 81,25% lan kelas kontrol 15,63% lan ing panliten II kelas eksperimen nduweni biji 87,5% lan kelas kontrol 53,13%. Adhedhasar katuntasan kasebut bisa dimangerteni anane undhak-undhakan asil pasinaon saka panliten I lan II. Asil panliten kasengkuyung kanthi asil respon siswa kelas eksperimen sawise nggunakake medhia monopoli Jawa kagolong “apik”, kanthi persentase 84,68%. Asil respon siswa kasebut nuduhake yen panganggone medhia monopoli Jawa layak digunakake sajrone pasinaon nulis aksara Jawa Murda.

Tembung Wigati : Pengembangan, Medhia monopoli Jawa, Aksara Murda

PURWAKA

Basa minangka piranti sesrawungan kang digunakake saben pawongan sajrone panguripan sabendinane. Miturut Dalman (2016:1) basa minangka omongan kang diasilake saka piranti pangucap manungsa minangka lambang bunyi kang asipat sawenang-wenang

lan nduweni teges kang jangkep. Kanthi basa manungsa bisa padha sesrawungan siji karo liyane. Mligine penting banget kanggo manungsa urip ing jagad sesrawungan. Mula saka iku katrampilan basa kudu disinaoni kanthi tliti

Sajrone piwulangan basa ana patang katrampilan kang kudu dikuwasani dening siswa, yaiku nyemak, wicara, maca, lan nulis. Patang bab mau panganggone

minangka piranti sesrawungan kang ora tau madeg dhewe, siji karo sijine nduweni sesambungan lan padha gegayutan. Tarigan (2008:1) ngandharake sajrone antuk katrampilan basa, biyasane ngliwati urutan sesambungan kang tumata. Wiwitane bocah bakal sinau nyemak basa, sabanjure wicara, lan sawise iku sinau maca lan nulis. Nyemak lan maca wis kita sinaoni sadurunge sekolah. Kabeh katrampilan kasebut dadi siji utawa catur tunggal.

Tarigan (2008:12) ngandharake yen nulis lan wicara mujudake katrampilan basa kang asipat prodhuktif lan ekspresif. Bedane nulis lan wicara yaiku yen nulis mbutuhake panyawang lan obahe tangan, dene wicara mbutuhake pangrungu lan pangucapan. Saka andharan kasebut, katrampilan nulis minangka salah siji wujud katrampilan basa kang wigati sanget saliyane katrampilan nyemak, wicara, lan maca ing sajrone pasinaon. Asile siswa sajrone kagiyatan pasinaon ing sekolah akeh ditemtokake lumantar katrampilan nulis. Mula saka kuwi, pasinaon nulis nduweni kalungguhan kang wigati banget sajrone pendhidhikan lan pamulangan.

Tarigan (2008:9) Nulis minangka salah sawijine katrampilan basa kang ora gampang disinaoni tanpa anane gladhen. Nulis mbutuhake gladhen kang ajeg lan karancang. Kawasisan nulis iku bisa dikuwasani dening saben wong yen ta gelem sinau lan gladhen. Salah sawijine Kawasisan nulis ing basa Jawa kang kudu disinaoni kanthi temen lan gladhen yaiku nulis aksara Jawa mligine aksara Jawa murda. Nulis aksara Jawa kalebu proses ngecakake simbol-simbol kang wujud angel diapalake. Mula saka iku katrampilan nulis prelu disinaoni dening siswa mligine nulis aksara Jawa murda kanthi latihan.

Saka wawancara guru basa Jawa ing SMPN 1 Dlanggu Mojokerto ngenani materi nulis mligine nulis aksara Jawa isih kurang. Kabukti saka isih akeh biji siswa sing ana sangisore KKM yaiku kanthi biji 75. Kurange katrampilan siswa sajrone nulis aksara Jawa amarga maneka warna sebab. Sebab-sebab kasebut ing antarane yaiku kurange minat siswa sajrone piwulangan basa Jawa. Mligine ana ing materi nulis aksara Jawa akeh siswa sing ora bisa nulis aksara Jawa. Siswa kang ora bisa nulis aksara Jawa disebabake siswa isih kurang anggone gladhen nulis lan ora apal aksara Jawa, ana uga kang kurang minat lan kreteg karo piwulangan.

Kanggo nggampangake prakara kasebut mula mbutuhake medhia. Miturut Briggs (sajrone Sadiman, 2014:6) ngandharake medhia yaiku samubarang wujud fisik kang bisa digunakake kanggo ngandharake materi lan ngundhakake minat siswa kanggo sinau. Medhia minangka sarana kanggo nambahi kreteg lan minate siswa tumrap pasinaon nulis. Kamangka katrampilan nulis mligine nulis aksara Jawa iki nduweni paedah kang becik. Sepisan siswa bisa ngerti aksara Jawa minangka aksara

asli kang diduweni wong Jawa. Kaping pindho siswa ora mung bisa nulis ananging siswa uga bisa maca aksara Jawa. Kaping telu nalika siswa wis bisa nguwasani aksara Jawa uga bisa dikembangake dadi nduweni katrampilan kaligrafi nganggo aksara Jawa.

. Salah sawijine medhia kang bakal digunakake sajrone piwulangan nulis aksara Jawa yaiku nggunakake medhia monopoli Jawa. Medhia monopoli iki awujud medhia cetak kang isine kinandhut tulisan utawa teks lan gambar. Pangembangan medhia iki diselarasake karo pasinaon nulis aksara Jawa nganggo aksara murda. Medhia monopoli iki diajab bakal bisa ngundhakake minat siswa ana ing pasinaon basa Jawa mligine nulis aksara Jawa. Pasinaon iki ngombinasekake antarane pasinaon lan dolanan nalika nyinaoni materi nulis aksara Jawa murda saengga ndadekake siswa luwih aktif, luwih semangat, sarta wani tumindak sajrone proses pasinaon.

Pangembangan medhia monopoli Jawa ing panliten iki bakal ngandharake kepriye pangembangan medhia monopoli, kelayakan medhia monopoli, lan pangaribawane medhia monopoli tumrap Kawasisan nulis aksara Jawa. Ancangan lan metodhe panliten pangembangan yaiku digunakake kanggo ngasilake prodhuk, nguji efektivitas prodhuk, lan meruhi tanggapane siswa tumrap medhia monopoli.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur panliten iki nduweni irah-irahan “Pangembangan Medhia Monopoli Jawa kanggo Ngundhake Kawasisan Nulis Aksara Jawa Nganggo Aksara Murda Siswa Kelas VIII SMPN 1 Dlanggu”

METODE PANLITEN

Panliten iki nggunakake metodhe panliten lan pangembangan (*Research and Development*). Miturut Borg lan Gall (1983:772) panliten lan pangembangan yaiku “*education Research lan Development (RnD) is a process used to develop and validate educational product*”. Miturut Syaodih (2006:164) panliten lan pangembangan iku prodhuk anyar utawa nyampurnakake prodhuk kang wis ana.

Panliten lan pangembangan utawa *Research and Development (R&D)* yaiku metode panliten kang digunakake kanggo ngasilake prodhuk tartemtu, lan nguji efektif apa orane prodhuk kasebut (Sugiyono, 2012:297). Panliten iki nduweni tahapan proses kang diwiwiti anane analisis kabutuhan siswa, ngumpulake dhata, dhesain prodhuk, validhasi, revisi, uji coba prodhuk 1, revisi prodhuk, uji coba prodhuk 2, revisi prodhuk 2, lan prodhuk medhia kang bakal ditliti kanggo panyengkuyung pasinaon ing sekolah.

Panliten iki ngembangake bahan ajar arupa nulis aksara Jawa kang disinaoni para siswa kanthi nggunakake monopoli. Medhia iki kalebu sawijine dolanan kang

awujud saka kertas. Biasane awujud dolanan sing isine ngenani kota-kota kayata NewYork, lsp, ananging ing sajrone monopoli Jawa iki beda. Isine ngenani paraga wayang, tokoh pahlawan, lan kutha kang ana ing indonesia.

Prodruk monopoli iki sabanjure divalidhasi kanggo mangerteni kalemahan saka medhia kuwi bisa dideleng saka pambiji para ahli. Medhia kang wis dikembangake sabanjure dinggo nalika pasinaon materi nulis aksara Jawa kanggo mangerteni asil pasinaon lan respon siswa tumrap bahan ajar kang dikembangake. Panliten iki ditindakake tumrap siswa kelas VIII SMP 1 Dlanggu Mojokerto.

Teknik ngumpulake dhata kalebu tahap utama sajrone panliten, amarga tujuwan saka panliten yaiku ngumpulake dhata. Tanpa ngerteni teknik ngumpulake dhata ora bakal bisa ngolehake dhata (Sugiyono, 2013:308). Teknik pangumpulan dhata sajrone panliten pangembangan iki nggunakake teknik wawancara, teknik observasi, teknik angket, lan tes.

1. Wawancara

Teknik wawancara dilaksanakake kanggo oleh dhata kang wiwitan supaya meruhi masalah lan kahanan siswa. Miturut Sugiyono (2015:138) wawancara diperang dadi loro yaiku wawancara terstruktur lan wawancara ora terstruktur. sajrone panliten iki panliti ngunakake wawancara terstruktur tumrap guru mata pelajaran basa Jawa klas VIII. Wawancara iki nduweni tujuwan kanggo mangertene karakteristike siswa, mangerteni teknik pasinaon sing di trepake guru, lan mangerteni prakara kang diadepi siswa sajrone pasinaon.

2. Observasi

Hadi (sajrone sugiyono, 2013) ngandharake yen observasi minangka salah sawijine proses sing kasusun saka saperangan proses bilogis lan psikologis. Sugiyono (2013) merang teknik observasi dadi loro adhedhasar proses ngumpulake dhata, yaiku : (a) observasi partisipasi, lan (b) observasi nonpartisipasi. Panliten iki kalebu observasi partisipasi amarga panliti sesambungan langsung karo subjek lan objek panliten. Observasi ing panliten iki ditindakake sadurunge njupuk dhata, kanthi wawancara karo guru basa Jawa lan siswa kelas VIII SMPN 1 Dlanggu.

3. Angket

Riduwan (2015:25-26) ngandharake yen angket minangka dhaftar pitakonan kang diwenehake tumrap wong, supaya menahi respon laras karo pepenginane pangguna. Tujuwan nyebarake angket yaiku nglumpukake informasi kang jangkep saka responden tanpa ngrasa kawatir yen responden menahi jawaban kang ora selaras karo dhaftar pitakonan. Ing panliten iki bakal nyebarake rong angket tumrap siswa, yaiku angket sadurunge ngetrepake panliten (angket kabutuhan siswa) lan angket

sawise dilaksanakake panliten (angket respon siswa). Panyebaran angket ditujokake tumrap siswa sing dadi subjek panliten. Saliyane angket siswa, ana angket kanggo validhasi. Asile angket sing diisi bakal diolah dadi dhata panyengkuyung panliten.

4. Tes

Riduwan (2015:30-31) ngandharake tes minangka instrumen pangumpul dhata arupa rantaman pitakonan utawa latiyen kang digunakake anggane ngukur katrampilan kawruh, intelegensi, kacerdasan, utawa bakat kang dinduweni dening individu lan klompok. Riduwan (2016:31) merang tes dadi lima, yaiku : (a) tes kapribaden, kanggo nuduhake kapribadene pawongan, (b) tes bakat, kanggo ngukur utawa meruhi bakate pawongan, (c) tes prestasi, kanggo ngukur gegayuhane pawongan sawise nyinaoni samubarang, (d) tes intelegensi, tes kanggo nafsirake tingkat intelegensi pawongan kanthi tugas-tugas, (e) tes sikap, tes kanggo ngukur sikap pawongan.

ANDHARAN

Andharan asil panliten iki bakal ngandharake wangsulan saka bab kang dadi underane panliten. Adhedhasar bab kasebut mula ing kene bakal diandharake ngenani proses anggane ngembangake medhia monopoli Jawa, efektivitas medhia monopoli kanggo ngundhakake Kawasisan nulis aksara Jawa murda siswa kelas VIII SMPN 1 Dlanggu Mojokerto, lan response siswa sawise nggunakake medhia monopoli Jawa.

1. Proses Pengembangan Medhia Monopoli Jawa

Adhedhasar pola pangembangan Sugiyono ana saperangan langkah kang kudu ditindakake kanggo ngembangake medhia. Tahap wiwitan yaiku nganalisis kabutuhan masalah lan isi medhia. Sadurunge nganalisis masalah luwih dhisik ngumpulake dhata-dhata masalah kang dialami siswa sajrone pasinaon nulis aksara Jawa murda. Pangumpulan dhata kasebut kanthi cara mbagekake angket kabutuhan siswa marang kelas sampel kang wis ditemtokake yaiku kelas eksperimen lan kelas kontrol, kelas VIII VIII- F minangka kelas eksperimen kanthi rata-rata HP yaiku 2,117, lan kelas VIII-J minangka kelas kontrol kanthi rata-rata HP yaiku 2,079. Saka kaloro kelas kasebut bisa dirata-rata HP yaiku 2,079. Asil angket kabutuhan siswa kasebut diputusake nggunakake medhia *monopoli* Jawa kanggo ningkatake kompetensi nulis aksara Jawa murda.

Sawise diputusake apa jinismedhia sing salaras karo kabutuhan siswa kang disebar mau, banjur dianakake isi medhia kanthi ngrumuskake indikator lan tujuwan pasinaon adhedhasar KI lan KD kang wis ditemtokake. Sawise iku banjur tahap dhesain prodruk, sajrone dhesain prodruk ana dhesain ilustrasi medhia monopoli Jawa. Medhia iki didhesain kanthi nggunakake aplikasi *photoshop* lan *corel draw* dadi gambaran ilustrasine luwih

apik lan bisa narik kawigaten. Sawise dhesain rampung, banjur ana tahap implementasi dhesain kanggo ngapiki medhia supaya siswa luwih katarik kawigatene, kayata milih gambar lan werna sing bisa narik kawigatene siswa.

Sabanjure yaiku validhasi marang ahli materi, supaya bisa dipriksa kualitas medhia *monopoli* Jawa iki, cocog apa orane yen dikembangake ing materi nulis aksara Jawa murda. Asil validhasi materi bisa didudut yen medhia *monopoli* Jawa dadi bahan ajar kang layak digunakake kanthi persentase %. Yen dideleng saka skala Rikert medhia kasebut layak amarga persentasene sadhuwure 61%. Asil validhasi ahli medhia, yen dideleng saka gambaran ilustrasi lan werna wis narik kawigaten lan cocog yen digunakake ing siswa kelas VIII. Mula ahli materi lan ahli medhia bisa didudut yen medhia *monopoli* Jawa layak digunakake kanggo ngundhakake kompetensi nulis aksara Jawamurda.

Sawise validhasi ahli medhia lan ahli materi, banjur nindakake revisi saka ahli medhia lan ahli materi. Samarine direvisi banjur nindakake uji kalayakan medhia marang kelas instrumen, yen dirasa layak bisa diuji efektivitas marang kelas eksperimen kang minangka kelas nggunakake medhia, kang dibandhingake karo kelas kontrol minangka kelas kang ora nggunakake medhia.

2. Uji Efektivitas Medhia Monopoli Jawa

Dhata asil pasinaon kelas eksperimen lan kelas kontrol, yaiku kanggo ngerteni bedane efektivitas

pasinaon sing nggunakake medhia pasinaon karo sing ora nggunakake medhia pasinaon. Saka bedane kasebut mengkone bisa diweruhi efektivitas medhia pasinaon sing dikembangake. Yen ana bedane sajrone analisis efektivitas pasinaon kelas eksperimen lan kelas kontrol tegese medhia sing dikembangake pancen bisa merbawani tumrap undhak-undhakan kawasisan siswa sajrone nulis aksara Jawa murda.

Dayane medhia pasinaon *monopoli* Jawa kanggo ngundhakake nulis aksara Jawa murda ing panliten iki diandharake kanthi nggunakake rumust *t-test* signifikasi. Tahap kanggo ngitung *t-test* signifikasi diandharake kaya mangkene :

- Ngrumusake hipotesis H_a lan H_0 kanggo nemtokake *t-test* sajrone kelas kontrol lan kelas eksperimen, rumusan kasebut, yaiku :
 H_a : anane beda kang signifikan antarane asil pasinaon kelas eksperimen lan kelas kontrol
 H_0 : ora anane beda kang signifikan antarane asil pasinaon kelas eksperimen lan kelas kontrol
- Nemtokake taraf kapercayan 95% utawa taraf signifikan 5% ($\alpha = 0,05$), banjur didadekake kriteria nemtokake hipotesis kasebut bisa ditampa utawa ditolak. Kanthi db saka kelas kontrol $132-1 = 31$ lan saka kelas eksperimen $32-1 = 31$, mula db = $64-2 = 62$ taraf signifikan 0,05 dadi $t_{tabel} = 2,05$
- Nemtokake kriteria ditampa utawa ditolak hipotesis ing panliten I. Kriteria yaiku :
 $T_{hitung} \geq t_{tabel} =$ kanggo (H_0 ditolak)
 $T_{hitung} \leq t_{tabel} =$ kanggo (H_a ditampa)

Tabel
Asil Pasinaon Kelas Kontrol lan Kelas Eksperimen
(panliten I)

Kelas Eksperimen					kelas kontrol				
No	Pre-test X1	Post-test X2	Beda (X)	X^2	No	Pre-test Y1	Post-test Y2	Beda (Y)	Y^2
1	68	72	4	16	1	60	54	-6	36
2	75	81	6	36	2	62	48	-14	196
3	79	68	11	121	3	58	58	0	0
4	61	94	33	1089	4	66	66	-4	16
5	66	85	19	361	5	71	56	-15	225
6	54	75	21	441	6	68	79	11	121
7	62	75	13	169	7	54	62	8	64
8	50	94	44	1936	8	68	71	3	9
9	75	85	10	100	9	46	50	23	529
10	62	87	25	625	10	70	73	3	9
11	83	73	10	100	11	52	75	19	361

12	50	88	38	1444	12	64	62	-2	4
13	39	88	49	2401	13	52	56	4	16
14	75	77	2	4	14	58	79	21	441
15	54	91	37	1369	15	50	79	29	841
16	75	81	6	36	16	64	71	7	49
17	68	81	13	169	17	73	67	-6	36
18	62	73	11	121	18	46	29	-17	289
19	68	77	9	81	19	50	56	6	36
20	54	100	46	2116	20	48	50	2	4
21	62	85	23	529	21	54	58	4	16
22	68	73	5	25	22	48	60	22	484
23	62	77	15	225	23	52	71	19	361
24	68	69	1	1	24	52	58	4	16
25	75	81	6	36	25	62	79	17	289
26	56	75	19	361	26	52	79	27	729
27	41	81	40	1600	27	68	62	-6	36
28	41	83	42	1764	28	56	62	6	36
29	54	95	41	1681	29	62	71	9	81
30	83	81	2	4	30	64	56	-8	64
31	56	79	23	529	31	64	46	-18	324
32	75	100	25	625	32	41	58	17	289
Σ	2021	2624	649	20115	Σ	1855	2001	165	6007

a) Ngitung Σx^2

$$Mx = \frac{\Sigma x}{N} = \frac{694}{32} = 21,69$$

$$\begin{aligned} Mx^2 &= \Sigma x^2 - \frac{(\Sigma x)^2}{N} \\ &= 20.115 - \frac{(694)^2}{32} \\ &= 20.115 - \frac{481.636}{32} \\ &= 20.115 - 15.051,12 \\ &= 5.063,88 \end{aligned}$$

b) Ngitung Σy^2

$$My = \frac{\Sigma y}{N} = \frac{165}{32} = 5,15$$

$$\begin{aligned} My^2 &= \Sigma y^2 - \frac{(\Sigma y)^2}{N} \\ &= 6.0007 - \frac{(165)^2}{32} \\ &= 6.0007 - \frac{27.225}{32} \\ &= 6.0007 - 850,78 \\ &= 5.156,22 \end{aligned}$$

c) Ngitung t-tes Signifikasi

$$\begin{aligned} t &= \frac{(Mx - My)}{\sqrt{\left(\frac{\Sigma x^2 + \Sigma y^2}{Nx + Ny - 2}\right) \left(\frac{1}{Nx} - \frac{1}{Ny}\right)}} \\ &= \frac{(21,69 - 5,15)}{\sqrt{\left(\frac{5.063,88 + 5.156,22}{32 + 32 - 2}\right) \left(\frac{1}{32} - \frac{1}{32}\right)}} \\ &= \frac{(16,54)}{\sqrt{\left(\frac{10.220,1}{62}\right) \left(\frac{2}{64}\right)}} \\ &= \frac{(16,54)}{\sqrt{(164,84) (0,031)}} \\ &= \frac{(16,54)}{\sqrt{5,11}} \\ &= \frac{(16,54)}{2,26} \\ &= 7,32 \end{aligned}$$

Adhedhasar asil itungan biji pre-test lan post-test ing kelas kontrol lan kelas eksperimen ing ndhuwur nuduhake yen $t_{hitung} = 7,32$. Asil pambandhinge yaiku $t_{hitung} = 7,32 \geq t_{tabel} (0,05 \text{ db} = 62) = 2,05$ bisa didudut yen H_a “ditampa” lan H_0 “ditolak” lan miturut hipotesis kang wis ditemtokake. Mula, pambada kang signifikansi

antarane asil pasinaon kelas eksperimen kang nggunakake medhia monopoli lan kelas kontrol minangka kelas kang ora nggunakake medhia monopoli. Saka dhata kasebut uga kawastanan yen medhia *monopoli* Jawa nduweni pambada kang signifikan tumrap katrampilan nulis aksara Jawa murda siswa kelas VIII SMP Negeri 1 Dlanggu, Mojokerto. Dadi medhia pasinaon kang dikembangake efektif ing pasinaon aksara Jawa murda

Dhata asil pasinaon kelas eksperimen lan kelas kontrol panliten 2, yaiku kanggo mangerteni bedane efektivitas pasinaon sing nggunakake medhia pasinaon karo sing ora nggunakake medhia pasinaon. Saka bedane kasebut mengkone bisa diweruhi efektivitas medhia pasinaon sing dikembangake. Yen ana bedane sajrone analisis efektivitas pasinaon kelas eksperimen lan kelas kontrol tegese medhia sing dikembangake pancen bisa merbawani tumrap undhak-undhakan kawasisan siswa sajrone nulis aksara Jawa murda.

Dayane medhia pasinaon *monopoli* Jawa kanggo ngundhakake nulis aksara Jawa murda ing panliten iki diandharake kanthi nggunakake rumust *t-test* signifikasi.

Tahap kanggo ngitung *t-test* signifikasi diandharake kaya mangkene :

- a) Ngrumusake hipotesis H_a lan H_0 kanggo nemtokake *t-test* sajrone kelas kontrol lan kelas eksperimen, rumusan kasebut, yaiku :

H_a : anane beda kang signifikan antarane asil pasinaon kelas eksperimen lan kelas kontrol

H_0 : ora anane beda kang signifikan antarane asil pasinaon kelas eksperimen lan kelas kontrol

- b) Nemtokake taraf kapercayan 95% utawa taraf signifikan 5% ($\alpha = 0,05$), banjur didadekake kriteria nemtokake hipotesis kasebut bisa ditampa utawa ditolak. Kanthi db saka kelas kontrol $132-1 = 31$ lan saka kelas eksperimen $32-1 = 31$, mula db = $64-2 = 62$ taraf signifikan 0,05 dadi $t_{tabel} = 2,05$

- c) Nemtokake kriteria ditampa utawa ditolak hipotesis ing panliten I. Kriteria yaiku :

$T_{hitung} \geq t_{tabel}$ = kanggo (H_0 ditolak)

$T_{hitung} \leq t_{tabel}$ = kanggo (H_a ditampa)

Tandhingan saka asil pasinaon kelas kontrol lan kelas eksperimen sing ngandharake dhata saka medhia pasinaon *monopoli* Jawa. Adhedhasar tahapan ing nduwur sabanjure bakal ngitung *t-signifikasi*. Tahap kanggo ngitung *t-signifikasi*, yaiku:

Tabel
Asil Pasinaon Kelas Kontrol lan Kelas Eksperimen
(panliten II)

kelas kontrol					kelas eksperimen				
No	Pre-test Y1	Pre-test Y2	Beda (y)	y ²	No	Pre-test X1	Post-test X2	Beda (x)	x ²
1	50	42	-8	64	1	79	81	2	4
2	50	54	4	16	2	85	81	-4	16
3	48	56	8	64	3	79	71	-8	64
4	33	77	44	1936	4	60	95	35	1225
5	29	52	23	529	5	79	85	6	36
6	54	75	21	441	6	79	94	15	225
7	50	62	12	144	7	100	81	-19	361
8	41	75	34	1156	8	73	100	27	729
9	50	58	8	64	9	94	94	0	0
10	54	79	25	625	10	66	94	28	784
11	75	91	16	256	11	87	94	7	49
12	54	62	8	64	12	95	88	-7	49
13	58	56	-2	4	13	91	88	-3	9
14	73	95	22	484	14	79	73	-6	36
15	54	83	29	841	15	66	91	25	625
16	54	58	4	16	16	62	81	19	361

17	54	77	23	529	17	79	81	2	4
18	29	40	11	121	18	66	77	11	121
19	41	75	34	1156	19	79	73	-6	36
20	63	75	12	144	20	95	100	5	25
21	60	76	16	256	21	83	91	8	64
22	54	76	22	484	22	75	81	6	36
23	54	85	31	961	23	71	81	10	100
24	44	40	-4	16	24	66	77	11	121
25	50	81	31	961	25	71	81	10	100
26	54	83	29	841	26	54	83	29	841
27	48	79	31	961	27	46	77	31	961
28	52	63	11	121	28	79	79	0	0
29	41	75	34	1156	29	50	83	33	1089
30	75	44	-31	961	30	71	73	2	4
31	69	54	-15	225	31	91	79	-12	144
32	41	60	19	361	32	87	95	8	64
Σ	1656	2158	502	15958	Σ	2437	2702	265	8283

a) Ngitung Σx^2

$$Mx = \frac{\Sigma x}{N} = \frac{502}{32} = 15,68$$

$$Mx^2 = \Sigma x^2 - \frac{(\Sigma x)^2}{N}$$

$$= 15.958 - \frac{(502)^2}{32}$$

$$= 15.958 - \frac{252.000}{32}$$

$$= 15.958 - 7.875$$

$$= 8.803$$

$$= \frac{(7,4)}{\sqrt{(240,185) (0,031)}}$$

$$= \frac{(7,4)}{\sqrt{7,4457}}$$

$$= \frac{2,72}{2,72}$$

$$= 2,72$$

b) Ngitung Σy^2

$$My = \frac{\Sigma y}{N} = \frac{265}{32} = 8,28$$

$$My^2 = \Sigma y^2 - \frac{(\Sigma y)^2}{N}$$

$$= 8.283 - \frac{(265)^2}{32}$$

$$= 8.283 - \frac{70.225}{32}$$

$$= 8.283 - 2.194,53$$

$$= 6.088,47$$

c) Ngitung t-test Signifikasi

$$t = \frac{(Mx - My)}{\sqrt{\left(\frac{\Sigma x^2 + \Sigma y^2}{Nx + Ny - 2}\right) \left(\frac{1}{Nx} - \frac{1}{Ny}\right)}}$$

$$= \frac{(15,68 - 8,28)}{\sqrt{\left(\frac{8.803 + 6.088,47}{32 + 32 - 2}\right) \left(\frac{1}{32} - \frac{1}{32}\right)}}$$

$$= \frac{(7,4)}{\sqrt{\left(\frac{14.891,47}{62}\right) \left(\frac{2}{64}\right)}}$$

Adhedhasar asil itungan biji *pre-test* lan *post-test* ing kelas kontrol lan kelas eksperimen ing ndhuwur nuduhake yen $t_{hitung} = 2,72$. Asil pambandhinge yaiku $t_{hitung} = 2,72 \geq t_{tabel} (0,05 \text{ db} = 62) = 2,05$ bisa didudut yen H_a “ditampa” lan H_o “ditolak” lan miturut hipotesis kang wis ditemtokake. Mula, pambada kang *signifikansi* antarane asil pasinaon kelas eksperimen kang nggunakake medhia *monopoli* Jawa lan kelas kontrol minangka kelas kang ora nggunakake medhia pasinaon. Saka dhata kasebut uga kawastanan yen medhia *monopoli* Jawa nduweni pambada kang signifikan tumrap katrampilan nulis aksara Jawa murda siswa kelas VIII SMP Negeri 1 Dlanggu, Mojokerto. Dadi medhia pasinaon kang dikembangake efektif ing pasinaon aksara Jawa murda.

Efektivitas medhia *monopoli* Jawa diweruhi saka asil pasinaon siswa ing kelas eksperimen kang nggunakake medhia lan kelas kontrol kang ora nggunakake medhia sajrone proses pasinaon ing kelas. Saka asil pasinaon ing rong kelas kasebut bakal dibandingake lan ngasilake dhata yaiku ana lan orane pambada kang signifikan sajrone panganggone medhia *monopoli* Jawa. Panliten 1 ngasilake $t_{hitung} (\text{kelas eksperimen}) = 7,653 \geq t_{tabel} (0,05 \text{ db} = 31) = 2,05 \leq t_{hitung} (\text{kelas kontrol}) = 2,269 \geq t_{tabel} (0,05 \text{ db} = 31) = 2,05$. Pambandhing asil *pre-test* lan *post-*

test kelas eksperimen lan kelas kontrol ngasilake $t_{hitung} = 7,32 \geq t_{tabel} (0,05 \text{ db} = 62) = 2,05$. Asil iki nuduhake yen ana pambeda kang signifikan. Kanthi tembung liya yen panliten 1 iki nuduhake H_0 “ditolak” lan H_a “ditampa”. Panliten 2 ngasilake $t_{hitung} (\text{kelas eksperimen}) = 3,298 \geq t_{tabel} (0,05 \text{ db} = 31) = 2,05 \leq t_{hitung} (\text{kelas kontrol}) = 7,536 \geq t_{tabel} (0,05 \text{ db} = 31) = 2,05$. Pambandhing asil *pre-test* lan *post-test* kelas eksperimen lan kelas kontrol ngasilake $t_{hitung} = 2,72 \geq t_{tabel} (0,05 \text{ db} = 62) = 2,05$. Asil iki nuduhake yen ana pambeda kang signifikan, kanthi tembung liya yen panliten 2 iki nuduhake H_0 “ditolak” lan H_a “ditampa”.

Asil efektivitas medhia monopoli Jawa kang ngasilake dhata kaya ing ndhuwur, nuduhake yen medhia monopoli Jawa kang dikembangake sajrone panliten iki bisa digunakake kanggo mbantu pasinaon siswa ing materi nulis aksara murda siswa kelas VIII SMPN 1 Dlanggu, kabupaten Mojokerto.

3. Respon Siswa Tumrap Medhia Monopoli Jawa

Dhata respon siswa sawise nggunakake medhia monopoli Jawa diklumpukake nganggo instrumen angket respon siswa. Angket respon siswa iki mung disebarake ing kelas VIII-F minangka kelas eksperimen. Amarga kelas kasebut nggunakake medhia monopoli Jawa sajrone pasinaon nulis aksara Jawa murda.

Dudutan asil analisis respon siswa kelas eksperimen asil rata-rata persentase yaiku 84,68% asil kasebut kagolong “apik”, amarga akeh siswa kang seneng tumrap medhia monopoli Jawa. Adhedhasar saka asil respon siswa ing kelas kasebut, nuduhake menawa respon siswa tumrap medhia monopoli Jawa kang dikembangake ing panliten iki “apik”, kang ateges siswa padha ngrasa seneng lan ngrasa dibantu sajrone proses pasinaon nulis aksara murda nalika nggunakake medhia kasebut. Medhia monopoli Jawa uga narik kawigatene siswa, amarga kuwi proses pasinaon dadi ora mboseni lan siswa ngrasa seneng tumrap materi nulis aksara Jawa murda.

PANUTUP

Adhedhasar asil tintingan kang diandharake ing bab IV bisa didudut yen pangembangan medhia monopoli Jawa wis layak digunakake kanggo panliten lan kagolong efektif ing pasinaon nulis aksara murda. Ing analisis kabutuhan siswa rata-rata HP saka 2 sampel kelas eksperimen lan kelas kontrol, yaiku 2,079 sing kagolong “kurang njangkepi kompetensi”, saengga dikembangake medhia monopoli Jawa kang dirasa laras karo kabutuhan siswa. Sawise nindakake prodhuksi adhedhasar asil analisis isi medhia, dhesain prodhuk, implementasi prodhuk, lan uji kelayakan, medhia pasinaon monopoli Jawa sabanjure diuji validhitase dening ahli materi lan ahli medhia. Rong validhator ing panliten iki nyatakake yen medhia monopoli Jawa layak digunakake. Ahli materi menehi biji 92,5% kang kagolong “apik banget”. Ahli medhia uga menehi pambiji kanthi persentase 97,5% kang kagolong “apik banget”. Sawise validhasi dianakake revisi medhia adhedhasar pamrayoga saka para validhator. Sabanjure medhia pasinaon diujicobakake ing siswa kelas uji instrumen. Sawise diujicoba sabanjure diuji

efektivitas tumrap kelas eksperimen minangka kelas kang nggunakake medhia, lan kelas kontrol kang ora nggunakake medhia. Adhedhasar ujicoba kasebut medhia monopoli Jawa layak digunakake kanggo ngundhakake kompetensi nulis aksara murda.

Dhata asil uji efektivitas nuduhake yen medhia monopoli Jawa kang dikembangake sajrone panliten iki bisa digunakake kanggo mbiyantu pasinaon siswa ing materi nulis aksara Jawa murda siswa kelas VIII SMPN 1 Dlanggu, Kabupaten Mojokerto. Saka dhata respon siswa uga bisa didudut yen medhia monopoli Jawa iki ditanggapi dening siswa kanthi apik. Siswa uga tuwuh rasa seneng lan semangat nyinaoni materi aksara Jawa murda. Amarga ana medhia kang bisa narik kawigatene.

Pamrayoga kasebut uga ora mung tumrap panliti sabanjure, nanging uga tumrap guru lan calon guru kang sabendinane menehi piwulangan tumrap siswa-siswane. Para guru dikarepake bisa luwih kreatif lan inovatif maneh sajrone menehi piwulangan dening siswa, supaya siswa ora gampang bosen sajrone proses pasinaon. Guru uga dikarepake bisa ngundhakake Kawasisan siswa ing sakabehe aspek. Kanthi anane kaya mangkono bisa ndadekake guru luwih diregani lan diajeni luwih dhuwur uga bisa ngasilake para siswa kang pinter lan kreatif, lan bisa migunani tumrap bangsa lan negara Indonesia.

KAPUSTAKAN

Agus, Cahyo. 2011. *Gudang Permainan Kreatif Khusus Asah Otak Kanan Kiri Anak*. Jogjakarta: Rineka Cipta

Arsyad, Azhar. 2011. *Media Pembelajaran*. Jakarta: PT Raja Grafindo Persada.

Avianto, Febriana. 2018. “Pembelajaran Aksara Jawa Untuk Siswa Sekolah Dasar Dengan Menggunakan Media Board Game”. <http://aksara.kemdikbud.go.id>. Vol 30. No. 1. pp 133-148. 21 September 2019

Basir, Udjang Pr. M. 2013. *Ketrampilan Menulis Dasar Menulis Ilmiah dalam Tulisan Latin dan Jawa (Pengantar Teori dan Praktiki)*. Surabaya : penerbit bintang.

Dalman. H. 2016. *Keterampilan Menulis*. Jakarta: PT. RaJawai Pers

Darmadi, Hamid. 2011. *Metode Penelitian Pendidikan*. Jakarta: Alfabeta

Darusuprpta, dkk. 1996. *Pedoman Penulisan Aksara Jawa*. Yogyakarta: Yayasan Pustaka Nusantara

Daryanto. 2010. *Media Pembelajaran Peranannya Sangat Penting dalam Mencapai Tujuan Pembelajaran*. Yogyakarta: Gavemedia

Dyah, Ermi. 2017. “Pelatihan Pembuatan Media pembelajaran Aksara Jawa Bagi Guru Bahasa Jawa Sma Di Kabupaten Rembang”.

- <http://ppm.ejournal.id>. Vol 2. No 2. pp 101-112.
21 september 2019
- Januar, Henry. 2017. "Pengembangan Media Monopoli (Monopoli Energi) Untuk Menumbuhkan Kemampuan Pemahaman Konsep Ipa Siswa SD". <http://journals.ums.ac.id>. Vol 4. No. 2. pp 136-144. 21 September 2019
- Koentjaraningrat. 1994. *Kabudayaan Jawa*. Jakarta: Balai Pustaka
- Musfiquon, 2012. *Pangembangan Mmedia dan Sumber Pembelajaran*. Jakarta: PT Prestasi Pustakaraya
- Navel, M. 2013. *Penelitian Pangembangan (Research Development)*. www.navelmangelap.wordpress.com. Diakses pada tanggal 13 mei 2018
- Padmosoekotjo, S. 1992. *Wewaton: Panulise Basa Jawa Nganggo Aksara Jawa*. Surabaya: PT Citra Jaya Murti
- Prihatnani, Erlina. 2018. "Pengembangan Media Monopoli Matematikapada Materi Peluang Untuk Siswa Smp ". <http://jurnalftk.uinsby.ac.id>. Vol 3. No 2. pp 114-131. 22 September 2019
- Pritabdhari, Meyta. 2018. "Analisis Pembelajaran Monopoli Ekonomi (Monokomi) Pada Siswa Boarding School". <http://ojs.fkip.ummetro.ac.id>. Vol 6. No. 2. pp 99-105. 20 September 2019
- Purwanto. 2012. "Implementasi Permainan Monopoli Fisika Sebagai Media Pembelajaran Dalam Pembelajaran Kooperatif Tipe Tgt Untuk Meningkatkan Prestasi Belajar Dan Mengetahui Profil Kemampuan Berpikir Kritis Siswa Smp. <http://journal.fpmipa.upi.edu>. Vol 17. No 1. pp 69-76. 21 september 2019
- Ratnawaty, Latifah. 2002. *Struktur Sastra Lisan Aji*. Jakarta: Pusat Bahasa Departemen Pendidikan Nasional
- Riduwan. 2013. *Dasar-dasar Statistika*. Bandung: Alfabeta
- Sadiman, Arif S. 2010. *Media Pendidikan, Pengertian, Pangembangan Dan Pemanfaatannya*. Jakarta: Raja Grafindo Persada.
- Sadiman, dkk. 2010. *Media Pembelajaran Pengertian, Pangembangan, dan Pemanfaatannya*. Jakarta: PT Raja Grafindo Persada.
- Subyakto. 1988. *Psikolinguistik: Suatu pengantar*. Jakarta: LPTK
- Sudjana, Nana. 2005. *Penelitian Hasip Prose Belajar dan Mengajar*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya
- Sugiono. 2007. *Statistika Untuk Penelitian*. Bandung: Alfabeta
- Sugiono. 2015. *Statistika Untuk Penelitian*. Bandung: Alfabeta
- Sugiono. 2016. *Metode Penelitian Pendidikan Pendekatan Kuantitatif, Kualitatif dan R&D*. Bandung: Alfabeta
- Tarigan, Henry Guntur. 2008. *Menulis Sebagai Ketrampilan Berbahasa*. Bandung: Angkasa



UNESA
Universitas Negeri Surabaya